

Konsèy pou prepare kay ou pou sezon siklòn

Release Date: Jun 13, 2022

Van siklòn yo ka fè materyèl jaden yo tounen misil ki ka kraze fenèt ak pòt yo. Pifò domaj pwopriyete siklòn lakòz yo rive apre tanpèt van an, lè lapli antre nan estrikti yo atravè fenèt, pòt kraze, ak ouvèti nan do kay la.

Preparasyon anvan yon siklòn ka ede w jere enpak gwo van ak inondasyon. Demach yo montre anba a pral ede ou ak fanmi w rete an sekirite pandan w ap pwoteje kay ou ak pwopriyete w la. Si ou se yon lokatè, pale ak mèt kay ou a oswa manadjè pwopriyete w la sou demach nou ka fè ansanm pou pwoteje tèt ou, fanmi w, kay ou ak pwopriyete w la.

Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) mete yon gwo anfas sou kòd konstriksyon paske yo amelyore sekirite piblik ak pwoteksyon pwopriyete. Gade ki sa kòd konstriksyon yo ye pou kòd postal ou a nan <https://inspecttoprotect.org/>

Pandan w ap prepare kay ou pou pwoteje l kont domaj siklòn, san dout se yon depans, ou ka fè li nan plizyè etap.

- **Ranplase materyèl jaden gravye oswa wòch ak yon materyèl ki ka reziste nan dife**, pi lejè epi li pa pral lakòz anpil domaj.
- **Koupe branch fèb ak pye bwa** ki ka tonbe sou kay ou yo epi kite chouk bwa ??yo koupe.
- **Enstale rido jalouzi anti-tanpèt** pou pwoteje fenèt yo kont domaj. Ou kapab enstale tou panno playwoud sou fenèt ou yo, ki ka kloure sou ankadreman fenèt yo lè yon tanpèt ap vini. Li istwa yon sivivan avèk vole anti tanpèt yo nan <https://www.fema.gov/case-study/storm-shutters-create-feeling-security>



FEMA

Page 1 of 2

- **Asire w pòt deyò yo ka rezizte anba siklòn** epi yo gen omwen twa chanyè ak yon seri omwen yon pous longè.
- **Pòt an vit glisman yo ta dwe fèt ak vit solid**, epi lè gen tanpèt, yo ta dwe kouvri ak rido jalouzi oswa playwoud. Kalite pòt sa yo pi vilnerab pou domaj van pase pifò lòt pòt yo.
- **Nan plas ansyen pòt garaj ak tras yo** mete yon pòt yo apwouve pou presyon van ak pwoteksyon kont chòk. Van k ap antre lakay ou atravè yon ouvèti gwosè sa a lakòz pwoblèm grav pou rèz kay ou a,- sitou twati ou a.
- **Bouche ouvèti eksteryè miray yo** tankou vantilasyon, priz elektrik deyò, tiyo pou wouze jaden ak kote kab oswa tiyo pase nan miray la. Sèvi ak yon pwodui kòlmataj an poliyuretàn kalite siperyè pou anpeche dlo rantre.
- **Si w ap viv nan yon kay mobil**, asire ke w konnen kijan pou pwoteje li kont gwo van epi pa bliye revize kontra asirans kay mobil ou. Jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.iii.org/article/mobile-home-insurance>. Rapèl: Kay mobil yo pa an sekirite lè gen gwo van, epi w ap bezwen deplase pou ale yon kote ki pi an sekirite anvan yon tanpèt frape. Toujou swiv konsèy otorite lokal yo nan kominote w la.
- **Si ou gen yon bato sou yon trelè**, konnen ki jan pou jete lank trelè a nan tè a oswa lakay ou - epi revize kontra asirans bato ou a. Jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.iii.org/article/boat-insurance-and-safety>.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon konsènan Siklòn Ida a, ale sou fema.gov/disaster/4611. Swiv nou sou Twitter nan twitter.com/FEMARegion6 epi like paj nou sou Facebook nan [facebook.com/FEMARegion 6/](https://facebook.com/FEMARegion6/).



FEMA